




# Zama se yon pakèt moun

- ✍ Michael Oguttu
- Vusi Malindi
- ♫ ACE Haiti-University of Notre Dame USA
- 💬 Haitian
- 🔊 Level 2







Ti frè'm leve ta. Mwen leve bonè paske'm se yon pakèt moun!




Se mwen ki kite solèy lan rantre nan kay la.




Manman'm konn di'm "Ou se zetwal maten'm nan".




Mwen fè twalèt mwen pou kònt mwen. Mwen pa bezwen moun pou ede'm.



Mwen fè twalèt mwen ak dlo frèt enpi savon ble santifò.




Manman'm fè'm sonje, "Pa blye dan ou." Mwen reponn li "Jamè,  
mwen pap janm blye!".




Apre sa a, mwen abiye pou kont mwen. Mwen di manman'm « Mwen granmoun koulyè a »




Lè'm fin fè twalèt mwen, mal salye granpapa'm ak matant mwen  
pou'm di yo bonjou.




Mwen kapab boutonnen rad mwen ak mare soulye'm pou kont mwen.



Enpi, mal rakonte ti frè mwen tout istwa sou lekòl lan.



Nan klas la, mwen fè tout sam kapab pou mwen sòti pwemye



Mwen fè tout bagay sa yo chak jou men sam pito fè nan tout se  
jwe... jwe... jwe!



## Storybooks Haiti

[global-asp.github.io/storybooks-haiti](http://global-asp.github.io/storybooks-haiti)

### Zama se yon pakèt moun

Written by: Michael Ogutu

Illustrated by: Vusi Malindi

Translated by: ACE Haiti-University of Notre Dame USA

This story originates from the African Storybook ([africanstorybook.org](http://africanstorybook.org)) and is brought to you by [Storybooks Haiti](#) in an effort to provide children's stories in Haiti's many languages.



This work is licensed under a Creative Commons  
[Attribution 3.0 International License](#).